

MaineCare Pou Imigran

Kisa MaineCare ye?

MaineCare se yon pwogram ki ede moun ki pa fè anpil lajan peye pou swen sante, tankou randevou dokte e renmed.

Eske mwen ka resevwa MaineCare?

Gwoup ki ka kouvri anba MaineCare: (1) timoun; (2) paran yo; (3) moun ki gen 19-20 ane; (4) fanm gwo vant; (5) granmoun ki andikape; (6) granmoun ki gen 65 ane oubyen plis; epi (7) granmoun ki gen laj 21-64 ki pa gen timoun lakay avek yo (gen yon lis tann pou gwoup sa-a).

Kèk gwoup imigran legal ta ka jwenn tout benefis MaineCare.

Moun avek estati refijye oubyen azil ka jwenn tout benefis MaineCare.

Menm si ou isit legalman, li ta ka posib ou pap jwenn tout benefis MaineCare, si:

1. Si ou se yon Rezidan Pèmanan (LPR), ki poko gen 5 ane avek estati sa-a (e ou pa yon refijye oubyen yon moun ki akòde azil);
2. Si ou te fè aplikasyon pou estati e w toujou tann desizyon;
3. Si ou te aplike pou estati azil oubyen yon lòt chanjman nan estati imigran ou avek imigrasyon e w'ap tann desizyon; oubyen
4. Ou gen yon lòt estati ki mwens konnen.

Si ou gwo vant OUBYEN gen mwens ki 21 ane, e ou nan peyi-a legalman, ou ka resevwa tout benefis MaineCare.

Menm si ou se ladan yon nan gwoup sayo e ou pa ka jwenn tout benefis MaineCare, ou ka toujou jwenn MaineCare Ijans.

Kisa MaineCare Ijans ye?

MaineCare Ijans ap sèlman peye pou sèvis medikal ki bezwen fèt pou **estabilize** yon pwoblem medikal serye. MaineCare Ijans ap peye pou akouchman.

Si ou se nan yon nan gwoup ki liste anle ou ka genyen yon kat MaineCare ki **peye selman pou MaineCare Ijans**. Si ou gen kesyon de kisa kat ou ap kouvrye ou met rele: Sevis Manm MaineCare nan nimewo **1-800-977-6740**.

Si ou pa gen pape ou ka resevwa MaineCare Ijans pou ede ou peye pou ijans medikal.

Pou kesyon kontakte:	
Maine Equal Justice Partners (MEJP)	Immigration Legal Advocacy Program
207-626-7058 oubyen gratis 1-866-626-7059 www.mejp.org	207-780-1593 oubyen gratis 1-800-497-8505 www.ilapmaine.org